TANOR MBAYE : Conte

Le Chasseur et le Génie voleur de Femmes Mariées

Léeb bi ni la deme
Dafa amoon benn rab boo xam ne képp
ku ñu may jabar ci dëkk dana ko sacc,
yobbu ko ba noonu ngay tollu ci jabar
jooju.
Benn as waay jo xam ne rëbb la degg ko
ne dina fa dem wuti jabar be xam ndax
gòòr ñooñoo mëtul wala lan.
Bimu waxee loolu, mu daldi takku dem.
Mu agsi ci dëkk bi ñu téértu ko téértu
bu neex. Buur laaj ko lu doon tànkam.
Rëbbkat bi ne ko jabar la doon wutsi.
Boroom dëkk bi ne ko fii doo fi mëna
am jabar ndax ku ñu fi may
jabar rab wi yobbu ko be ñi jur daw si
noonu lañ ciy tollu.
Waa ji tontu buur, ne ko :
"léégi daal, man rëbb laa, te rab wi
njàmbaar googu muy jaay soo ma mayee
sa doom bu ko jële man danaa ko
jëfleenteek moom. Yaw xoolal ci man rek.
Buur ne ko ndax loolu
wòòr na waaji ne wòòr na.
Buur may ko jabar céyt gi am ñetti fan
bi gan yi ñewwoon ci takk bi demee, waa
ji dugg ci néégam ak jabaram. Naka
lañu tedd, waa ji lambb ndaw si ci
lëdëm gi dajul dara. Mu jaaxle lool,
jòg ci guddi gi dem gis baayu ndaw si
ne ko wax nga dëgg de rab wi jëlsi na
sama jabar. Xana su ñu tëdd be suba
ñu jééma defleenteek moom. Bi bër setee,
mu dem seeti benn seriñ ne ko :
"man de, dema fi takkoon jabar, rab
wi jël ko"
Seriñ bi gisaaneel ko daldi ne ko :
"Rab wi dey ñim fi jël népp, lu ngi
leen yobbu walaay dex. Soo mënee
jall dex gi, dinga mëna réy xërëm yi.
xëréém yaa nga ca genn kooba, ci biir
kooba ga, ab kewel a nga ca biir
kéwel ga ab baaxoñ a nga ca, ca biir

.../...

baaxoñ ba ab nen a nga ca. Nen booba
boo ko tojee, jigéén ña rab wi sacoon
dinañu feeñ" sëriñ ne ko it : "kooba
yoor yoor lay genn dem naani ca xeeru
dex ga. Kooba gaa ngi tudd Luuti"
Rëbbkat bi joge fa, jêl mbuus def ci
dundaam àndd ak xajam. Naka lañu genn
dëkk bi rek, benn gaynde séén leen
daldi riir wutsi leen. Waa ji sukk, bëgg
ko fetal gaynde ne ko : "looy def nii"
rëbbkat bi ne ko : "dañu sacc
sama jabar ma di ko seet ; boo ma naree
lor nak ma rey la".
Gaynde ne ko "nañ dem ma dimali la.
Lu kenn mën mba ñaar, ñetta ko ko dàq"
Ñu dox ba mu yàgg jenn jaxaay
naawe fu kenn xamul tiim rëbbkat
bi. Waa ji bëgg ko rey, jaxaay ji ne
ko : "loo nar ci man"
Waa ji ne ko : "dañu sacc sama jabar
ma di ko wër. Boo ma naree lor nak,
ma rey la ci bu gaaw."
Jaxaay ji ne ko : nañ dem ma
dimbali la. Lu nâar mba ñett mën, ñeenta
ko ko dàq".
Waa ji àndd ak ñetti rabu àll yi di dox.
Bi ñu ñewee be ci booru dex gi, gaynde
daldi gas genn kàmb gu xoot, ñu daldi ci
tëdd. Yoor Yoor jot, kooba ñëw di naansi
ci xeeru dex gi. Gaynde tëb dal ci kawam,
xotti biir bi. Kéwél génn ci biir bi di daw
xaj bi topp ko. Ñu daw lu tollok ñaari
sas, xaj bi japp ko daldi ne taréét biir
bi. Baaxoñ génn ci biir bi naaw,
jaxaay dajeek moon ci kaw ne
ko tell mu ne ci suuf wôtt mu xotti
biir bi benn nen génn ci daldi bërëngu,
rëbbkat bi toj nen bi. Noonu, ñu degg
ci walaay dex gi ay yuuxu jigéén yu
bare. Waa ji dellu dëkk ba wooteji. Bi ñu
agsee ku ne jël sa gal, rebbkat bi
yéég ci kaw gaynde gi nu daldi jàll dex gi.
Bi ñu dikkee, ku ci ne xame sa jabar, jêl ko
daldi dellook moom.
Foofu la lééb doxe jééx.